

DES HOMMES À L'IMAGE DE DIEU

# Manyèl Pou Òganizasyon Ministè Gason Yo



# Manyèl Pou Òganizasyon Ministè Gason Yo

MED, Rejyon amerik santral



## **SAK NAN GID LA**

|  |           |
|--|-----------|
| <b>ENTWODIKSYON .....</b>  | <b>4</b>  |
| <b>OBJEKTIF .....</b>  | <b>4</b>  |
| <b>OBJEKTIF MINISTÈ A PA ZÒN .....</b>   | <b>5</b>  |
| <b>DESKRIPSYON FONKSYON YO .....</b>   | <b>5</b>  |
| <b>PWOFIL DIREKTÈ MINISTÈ GASON YO .....</b>   | <b>6</b>  |
| <b>ANVAN NOU KÒMANSE .....</b>   | <b>8</b>  |
| <b>POU KÒMANSE .....</b>   | <b>9</b>  |
| <b>GID PRATIK POU DIREKTÈ LOKAL LA .....</b>   | <b>11</b> |
| <b>SIJESYON SOU TÈM YO</b>   |           |
| • <b>Kijan nou kapab kreye responsablite nan fanmi? .....</b>  | <b>16</b> |
| • <b>Montre yo rezon ki fè yo dwe idantifye yo ak doktrin sentete ki nan bib la .....</b>              | <b>16</b> |
| • <b>Chèche genyen yon bon konesans ki klè nan enplikasyon yo sou la vi nan kominote a .....</b>       | <b>17</b> |
| • <b>Konprann ke gason an se premye responsab pou enstitisyon an nan maryaj ak lavi fizik la .....</b> | <b>17</b> |
| • <b>Anrichi Reyinyon Ou yo.....</b>   | <b>18</b> |
| • <b>Sou "Paran Adolesan Yo" .....</b>   | <b>21</b> |
| • <b>Sou "Lotèl Nan Fanmi An" .....</b>  | <b>23</b> |
| • <b>Sou “Kijan Nou Ka Jere Lavi Devosyonèl ”.....</b>   | <b>25</b> |
| <b>KONKLIZYON .....</b>  | <b>26</b> |

## ENTWODIKSYON

Ministè a GIB la te pran nesans kòm yon nesosite pou transmèt bay tout gason kretyen ak sa yo ki pa kretyen, mesaj sa ki soti nan Bondye a sou relasyon yo avèk Kreyatè a, ak wòl li jwe nan sosyete a. Ministè sa a vle mete nan lespri chak gason pou yo konnen ke yo te fèt ak imaj e resanblans Bondye, sa vle di gason an dwe aprann viv apa pou Bondye chak moman nan lavi li.

Mesaj prensipal ministè GIB twouve li nan Jan chapit 15. Atravè pasaj sa a gason an pral gen yon konviksyon sou apèl li pou li vin yon sèvitè Bondye. Li pral nan yon pozisyon tankou yon branch ki nan pye bwa, li pap ka bay fwi si li pa konekte nan pye bwa a ki se Jezikris, li dwe ap nourri jou apre jou pou l kapab akonpli wòl li tankou gason.

Nou kapab li nan levanjil Jan an 15:5 “ Mwen se pye rezen an, nou se branch yo. Moun ki fè youn avèm, moun mwen fè youn ak li, l ap donner anpil, paske nou pa kapab fè anyen san mwen”.

Pasaj nou sot wè a montre nou reyisit ak karaktè gason ki kretyen an depann de relasyon li chak jou ak Bondye, sa vle di ke nan priorite espirityèl li, li dwe travay di anpil pou li ka rete toujou rete kole sou Kris la. Konsa yo ta dwe mete bagay sa yo an pratik:

1. Nan tout tan kenbe lafwa yo nan Kris la.
2. Mennen yon vi nan lapriyè ak devosyon epi etid sou Pawòl Bondye a.
3. Goumen pou Kris kapab toujou rete kòm Sovè li, fanmi li ak lòt zanmi li yo.
4. Sèvi lòt moun avèk pasyon, pou yo tout bay Bondye lwanj.
5. Avan tout bagay yon disip Bondye, epi fè lòt moun vin disip li tou espesyalman fanmi ou, Jan 15:8

Gason Bondye yo, si nou vle fè bon moun ak branch ki pote anpil fwi, ann sèvi ak resèt medsen ki nan syèl la ki mande: “se pou nou fè youn ak mwen, menm jan mwen fè youn ak nou” Jan 15:4.

## OBJEKTIF

"Bondye di ankò: Ann fè lòm ak imaj nou, epi pou li sanble ak nou " Jenèz 1:26. Lè nou ale nan Bib la epi nou tounen nan orijin yo, nan kreyasyon lòm, nou rankontre 3 pwen enpòtan:

- Gason an (Adan) se rezilta travay trinitè a.
- Inite li se yon senbòl pèfeksyon (Gason espirityèl, gason tèrès).
- Li se yon moun kòrèk (li fèt ak imaj Bondye a); poutèt sa li posib pou lòm mache dwat devan Bondye, gen krentif pou Bondye epi pase lwen tout sa ki mal.

Ministè “Gason se imaj Bondye” vle retabli imaj gason an jouk li rive sanble ak Kris la tout bon vre (Wom. 8:29;. Efe 4:13; Kolosyen 3:10; 1. Jn. 3:2).

Nou kwè gason yo bezwen yon gwoup kamarad pou yo ka diskite sou tout sa ki nan enterè yo san pwoblèm. Nou pral wè kèk rezon ki fè li bon pou nou kòmanse yon ministè gason.

Pou yo rive atenn objektif sa a, men sa ki dwe fèt:

1. Pèmèt gason yo patisipe nan yon aktivite ki fèt pou yo espesyalman.
2. Bay enfòmasyon konsènan tout etap diferan ki gen nan lavi gason yo.
3. Fè detay sou sa ki gen pou wè ak gason yo (pèsonalite gason yo, bezwen yo, chanjman, elatriye).
4. Bay yon pwogram ki leve defi nan lavi mesye yo.
5. Ranfòse amitye yo.
6. Bay yo mwayen pou yo devlope aktivite yo selon don yo, talan yo, travay espesyal yo.
7. Ankouraje yo nan lapriyè.
8. Preche levanjil.
9. Devlope yon disip.

## OBJEKTIF MINISTÈ A PA ZÒN

### ZAFÈ ESPIRITYÈL

- Fè evanjelizasyon pèsonèl ak lòt gason.
- Motive kretyen yo pou yo konsakre yo anba kontwòl Sentespri a.
- Chèche pi gwo patisipasyon mesye yo nan fè sèvis adorasyon pou Bondye.
- Ede pou etabli ak ranfòse lavi devosyonèl.
- Ranfòse yon vi de priyè.

### ZAFÈ MINISTÈ

- Ranfòse nan mitan mesye yo objektif ak misyon legliz la.
- Ansenye mesye yo ke yo gen responsablite pou prezèvasyon a ak kwasans travay la.
- Ankouraje edikasyon pou edifikasyon pèsonèl.
- Rann sèvis mesye yo fasil nan legliz la.
- Bay zouti ki ka ede yo mennen lòt gason vin jwenn Kris.

### ZAFÈ FANMI

- Se pou mesye yo bati kay yo sou prensip ak valè wayòm Bondye a ki nan Bib la.
- Bay prensip pou yon bon relasyon nan maryaj la.
- Bay prensip kijan yo dwe leve pitit yo nan fwaye a.

## DESKRIPSYON FONKSYON YO

**Responsablite:** Direktè lokal

**Zòn:** Legliz lokal

**Peryòd:** Pou konbyen tan li te eli.

**Rapò a:** Konsèy ant MED adilt yo.



Direktè Ministè Gason yo a nan legliz lokal la dwe sèvi nan Konsèy Ministè granmoun yo epi li dwe responsab gwoup lokal la. Direktè a dwe:

- 1) Sèvi nan komite ministè lekòl dominikal ansanm ak granmoun yo.
- 2) Bay rapò, prezante pwopozisyon bay Konsèy la epi mande èd bò kote ministè granmoun yo nan legliz lokal la.
- 3) Espesifye bezwen ak enterè mesye yo nan legliz lokal la, pa mwayen ankèt, obsèvasyon oswa Konsèy ke mesye yo prezante nan kongregasyon an.
- 4) Bay tan pou kwasans espiyèl epi fè zanmi ak tout patisipan yo.
- 5) Ekri yon bilten lokal oswa mete enfòmasyon nan yon tablo afichaj nan legliz la (si genyen youn), aktivite ou genyen planifye yo ak tout lòt enfòmasyon enpòtan yo.
- 6) Ede mesye yo dekouvri talan yo epi mete yo an pratik nan sèvi legliz la.
- 7) Kolabore avèk aktivite distri a, rapò oswa lòt sèvis yo ta mande yo.
- 8) Prepare yon kalandriye anyèl pou aktivite yo.
- 9) Devlope yon disip pou nouvo konvèti yo, si pa gen okenn nan legliz la.
- 10) Òganize ak aktive pwogram ki kontribye nan kwasans ak edifikasyon mesye yo; sèvi ak sa tou pou nou rive sove lavi lòt gason ki pa kretyen yo.





## PWOFIL DIREKTÈ MINISTÈ GASON YO

Direktè ministè mesye yo ta dwe konsidere kòm yon lidè sèvitè lòt gason pral kapab swiv. Pou rezon sa a yo pa ka chwazi l san yo pa konsidere kèk karakteristik ki pral ede ministè a avance pou pi devan

Kèk karakteristik:

- A) **Karaktè kretyen.** Karaktè li dwe selon disiplin ki nan Bib la (Matye 5,6-7).
- B) **Disponib.** Yon moun ki konsakre talan l yo ak tan l yo epi ki panse sou investisman esprityèl yo ki ka pote fwi nan wayòm Bondye a.
- C) **Devwe.** Yon fwa ou te fikse objektif yo pran desizyon ou wè ki kòrèk yo pou ministè mete yo an pratik (si gran komite a te deja apwouve li deja).
- D) **Òganize.** Nou konnen lidèchip efikas depann de òganizasyon ak enfliyans. Nou konnen se pa tout moun ki gen kapasite natirèl nan zafè òganize, yo kapab aprann fè travay efikas.
- E) **Motive.** Li nesesè anpil pou moun nan afektif epi gen kapasite pou apresye lòt moun. Gen kèk fason ou ka fè moun sa konnen ke sa l ap fè a se yon bagay enpòtan epi ou apresye sa, voye lèt, remèsiman, nòt oswa rekonesans.
- F) **Kreyatif.** Lè gen kreyativite sa kenbe travay la fre epi enteresan; konsa lidè a kapab bay epi resevwa lide, panse ak plan.
- G) **Fòmètè.** Li dwe toujou ap fòme epi enplike lòt gason yo pou travay nan ministè a.

## PATENARYA

Direktè a kapab fè rechèch yon sekretè ak yon trezorye nan gwoup la. Fonksyon moun sa yo se:

## SEKRETÈ

- Li dwe gen non yo nan lòd ki byen detaye, adrès, nimewo telefòn, ak karakteristik chak gason k ap asiste nan legliz la, si sa posib fè foto yo.
- Fè pwosè vèbal akò yo ak plan yo nan chak reyinyon Konsèy egzekitif la.
- Rasanble gason yo pou reyinyon oswa aktivite an gwoup.
- Nan chak reyinyon li enpòtan pou gen yon ti rafrechisman tou senp, petèt ou kapab fè pase yonn apre lòt oswa fè gwoup de 2 moun pou yo ka pataje ak rès gwoup la.

## **TREZORYE**

Li dwe yon moun ki onèt pou pwoteje ekonomi gwoup gason yo. Ide pou konnen kijan pou antre lajan depann de kontèks ak planifikasyon lokal yo.

- Ou ta dwe fè yon bidjè pou depans diferan pwojè ak fòm finansman yo.
- Ou ka fè yon ti ofrann nan chak reyinyon etid, nan chak aktivite espesyal yo, ti ofrann sa dwe volontè pou kèk moun pa pran sa pou eskiz lè yo pa ale nan reyinyon yo.
- Krete aktivite pou ranmase lajan pou aktivite espesyal yo.
- Fè acha oswa bay lajan pou nenpòt ki depans yo apwouve epi konsève resi yo oswa prè ke yo te depanse yo.
- Li enpòtan pou w genyen yon kont byen klè sou kòb ki antre ak kòb ki depanse.
- Trezorye a dwe kenbe lajan an, men se pa li k'ap deside kisa pou yo fè ak li.

## ANVAN NOU KÒMANSE

**Òganize yon konsansis nan mitan Mesye yo pou fè yon koudèy yon fason pou wè gwo nesesite ki genyen.**

**Aprè sa, ou kapab prepare yon plan pou swiv.**

### **Opsyon pou konsansis la**

\* Distribue fèy papye ak 3 kesyon kle.

1. Èske w te konn patisipe nan reyinyon ak mesye kretyen yo? \_\_\_\_

2. Ki sa w ap atann nan yon reyinyon?

---

---

---

3. Ki sa ou ta renmen pote nan reyinyon mesye yo?

---

---

---

---

---

\* Tcheke nan maj dwat la sijè sa ou ta renmen yo trete nan reyinyon mesye yo.

a) Edikasyon pou timoun yo. \_\_\_\_

b) Lotèl pou la fanmi. \_\_\_\_

c) Divòs. \_\_\_\_

d) Lavi seksyèl. \_\_\_\_

e) Jerans nan kò a. \_\_\_\_

Lèt ankò

---

---

Fè sa pandan ou reyini tout mesye yo, epi jistifye atravè yon entwodiksyon tou kout, bay rezon ki fè ou louvri ministè sa a. Aprè sa ba yo tan pou yo eksprime panse yo oswa sa yo gen nan plan yo.



## POU KÒMANSE

Depi ou te fin gen konsansis mesye yo epi anvan ou koumanse premye reyinyon an revize aspè sa yo:

### Lojistikman

- a) Ou te deja envite tout mesye yo (sanw pa gade sou eta sivil).
- b) Ou te deja konplete ak yon pwomosyon pa ekri epi oral plizyè fwa.
- c) Ou te déjà fè prepare yon bon anviwònman pou reyinyon an.

### Espirityèlman

- a) Ou te deja pran dòz ase nan lapriyè pou ministè mesye yo.
- b) Ou te deja li liv kretyen pou ministè nan mitan gason yo.
- c) Ou te deja mande pastè a konsèy.

### Administrativman

- a) Li nesesè pou fè yon òganigram avan ouvèti ministè a. Egzanp òganigram:
  - **Pastè**
  - Sirentandan MED
  - Direktè Ministè granmoun yo
  - Direktè mesye yo
  - Sekretè
  - Trezorye
  - 2 manm
- b) Detaye zafè lajan yo ak Direktè granmoun yo oswa sirentandan MED la si pata gen direktè pou granmoun yo. (Sirentandan MED la va konnen kisa pou li fè).
- c) Detèmine peryòd de tan nan reyinyon yo pou sa pa ale twò lwen (petèt ou kapab mande nan ankèt la, jou ki ap posib yo epi si yo vle pou li fèt chak semenn, chak mwa oswa 2 fwa pa mwa).

### Li nesesè pou w etabli zòn sèvis nan mitan mesye yo ak aktivite espesyal yo tankou:

- Èske li posib pou nm fè yon pwojè mizik ak kèk nan mesye yo?
- Èske li posib pou m fè pwojè sou fason moun viv ansanm pa mwayen espò?
- Èske li posib poum travay ak trezorye legliz lokal la nan kèk pwojè?
- Èske ta dwe gen klas pou kèk travay?
- Li ta bon pou n chita pale sou sijè tabou yo?
- Èske reyinyon yo ka fonksyone nan kèk plas tankou, restoran, plas piblik, kote ki gen touris?
- Ki pwojè evanjelizasyon nou ka fè?
- Ki jan nou kapab òganize etid biblik?
- Etc.....

**Li enpòtan pou w enskri gason yo pou w ka genyen yon dokiman de baz**

Ou ka mande yo yon foto oswa fê foto yo pou achiv la.

Non:

Laj:

Eta Sivil:

Adrès:

Telefòn/E-mail:

Pwofesyon: (si ou vle si sa nesesè)



## **GID PRATIK POU DIREKTÈ LOKAL LA**

Aprè sa a, nou pral bay yon seri de règleman pratik ki gen pou wè sitou ak moun ki ap fè efò nan veye sou edifikasyon ak kwasans mesye adilt yo.

Avèk objektif pou nou reyalize yon pi bon travay pou nou mennen mesye yo vin nan pye Kris, nou bay kèk konsèy pratik que ou pral kapab divize yo an 2: Ministè anndan legliz la ak ministè deyò legliz la.

### **A. Ministè anndan legliz la**

Premye branch sa a nan ministè a se pou ou travay avèk mesye yo ki toujou vini nan sèvis yo nan legliz la epi ki enterese ak ministè a: pa gen okenn pwoblèm si se ta 2 oswa 3.

1. Fè reyinyon espesyal ak yo.
  - a. Pou planifye.
  - b. Pou prepare pwogram espesyal yo.
  - c. Pou evalye sa nou rive akonpli nan objektif nou te genyen yo nan sosyete a oswa nan gwoup la.
  - d. Pou lapriyè pou bezwen espirityèl yo ak lòt nesessite chak jou yo.
  - e. Pou etid bibliik.
2. Toujou priye pou Seyè a ka beni nou nan aktivite ke n'ap reyalize yo:
  - a. Kay
  - b. Travay
  - c. Etid
  - d. Vwayaj
3. Toujou kenbe kontak ak mesye yo ki nan legliz la:
  - a. a . Atravè vizit.
  - b. Atravè apèl nan telefòn.
  - c. Veye nòt ankourajman, kat elatriye.
4. Anseye yo sou enpòtans ki genyen nan sèvi, epi konsa fè yo patisipe nan plizyè branch diferan nan ministè a.
  - a. Toujou ankouraje yo pou privilèj yo genyen pou devlope tèt yo nan legliz la.
    - a. a . Fè yo konpliman yo pou travay yo
    - b. Fè yo santi yo enpòtan
    - c. Fè rapò devan yo pou yo ka wè kijan travay yo a gen anpil valè.
    - d. Remèsye yo pou èd yo.
5. Remèsye yo epi felisite yo lè pote lide tou nèt pou kwasans ak edifikasyon legliz la.

6. Bay ouvaj, atelye oswa konferans kout sou kesyon ki enpòtan pou yo.
  - a. Fwaye kretyen an
  - b. Zafè lajan nan fwaye a
  - c. Ti gwoup apa ak doktrin li
  - d. Evanjelizasyon
  - e. Andropoz
  - f. Tantasyon ak lòt bagay ke yo ka chwazi.
7. Bay yo fòmasyon pou yo kapab devlope lòt ministè espesifik yo.
  - a. Vizit
  - b. Sèvis
  - c. Ede granmoun aje yo
  - d. Pwofesè lekòl di Dimanch
  - e. Sirentandan lekòl di Dimanch
  - f. Dirije selil etid bibliik
  - g. Planifye epi dirije pwogram yo
  - h. Anseye
  - i. Pran swen jèn moun yo ak timoun yo nan aktivite sosyal ak sèvis adorasyon yo.
  - j. Evanjelizasyon
  - k. Misyon, elatriye.
8. Nou dwe sonje ke nan gwoup la gen don, antouzyas ak lòt kondisyon pèsònèl, nou dwe rekonèt sa ak entèlijans epi mete yo nan travay. Ede mesye yo dekouvri epi sèvi ak don yo genyen yo.
  - a. Pèmèt yo patisipe nan yon etid sou don Sentepri a.
  - b. Pèmèt yo patisipe nan yon etid ki pale de misyon.
  - c. Pèmèt yo gen aksè enfòmasyon ekri sou Gran Komisyon an.
  - d. Pèmèt yo kapab jwenn estrateji sou Evanjelizasyon epi mete yo an pratik.
  - e. Pèmèt yo gen pwogram sou Evanjelizasyon Denominasyon an - (Egzanp: "Sanble ak li", kib evanjelizasyon, fim Jezi, chak moun mennen yon moun).
  - f. Pèmèt antrènman epi fasilite moun antre nan chan Evanjelizasyon an ak chan misyonè a tou.
9. Ofri opòtinite espesyal pou yo kolabore nan legliz la.
  - a. Pwojè misyonè yo
  - b. Relasyon sosyal yo
  - c. Relasyon kiltirèl yo
10. Sèvi ak eksperyans ou yo epi konsèy ou yo.

## B. Ministè deyò legliz la

Ministè sa a ka mande yon efò ki byen oryante epi byen òganize pou ou ka jwenn rezilta pozitif. Objektif ministè sa a se pou nou ka rive mennen nan pye Kris, mesye ki nan laj trantèn yo, ki jouk kounye a ki poko konvèti. Epitou pataje ak sa yo ki te konvèti deja men ki te sispann al legliz oswa ki te chite pou yon bout tan.

1. Mete tan w disponib pou w ka konnen yo.
  - a. Chèche konnen orè travay yo.
  - b. Chèche konnen a ki lè yo etidye (si yo nan inivèsite).
2. Prepare pwogram espesyal ki enterese yo.
3. Kreye ti gwoup oswa selil pa fanmi.
  - a. Pou etid bibliik
  - b. Pou reyinyon espesyal yo (chita pale, bwè ti kafe, elatriye)
4. Kontakte mesye ki poko konvèti yo pa mwayen madanm yo oswa pitit yo.
  - a. Atravè envitasyon pou yo ale gade pitit yo k'ap anime nan pwogram espesyal lekòl di Dimanch.
  - b. Envite yo pou yo ale nan pwomnad oswa retrèt ki fèt pou madanm yo ak timoun yo.
5. Itilize metòd ak estrateji ki gen pou wè ak kontèks kote y ap viv la.
6. Mete tan disponib pou w al fè vizit.
7. Pa preche yon sèl moun nan fanmi an, se pou w preche fanmi an konplèt ki gen ladan l manman, papa ak pitit.
8. Kreye aktivite espesyal kote sèvant ki gen mari yo ki poko konvèti kapab vini ak yo, menm si yo pat konn ale legliz souvan.
  - a. Pwomnad oswa retrèt
  - b. Espò nan maten (anpil gason jwe tenis, foutbòl, naje, elatriye.)
  - c. Dine, manje midi, dejene, ti goute.
  - d. Reyalize etid bibliik nan kay moun ki pa kretyen yo (pou w ka etabli kontak ak yo).
9. Fè yon travay evanjelizasyon pa zòn
  - a. Objektif la ta dwe envite moun ki po ko konvèti yo sèlman.
  - b. Ansèyman yo dwe sou fòm diskisyon (Kesyon ak Repons)
10. Eseye konvenk gason ki pi difisil yo: si w rive fè l konsa, l ap pi fasil pou w konvenk lòt mesye gason yo ki nan kominote a.
11. Fè yon resansman nan kominote a: Jan nou te deja di sa, se pou nou itilize kèk nan resous nou te deja mansyone yo, men si nou pa fè yon resansman nan kominote a, de pòt a pòt, sa ka fè nou pèdi pi bon opòtinite a, epi fanmi ki nan plis nesosite yo rete tou pre a nan ti devire a.

12. Mande manm legliz yo adrès yo pou w ka etabli kontak ak:

- a. Zanmi
- b. Vwazen
- c. Fanmi
- d. Kòlèg travay.

13. Lè w fin gen adrès yo dapre sijesyon nou sot bay yo, Direktè ministè a kapab voye kèk literati:

- a. Bilten legliz la
- b. Kat anivèsè de nesans
- c. Kat pou envitasyon espesyal

14. Sèvi ak telefòn pou etabli kontak yo, men ak anpil entèlijans epi se sèlman pou w chèche enfòmasyon.

- a. Legliz la mache dapre lòd li
- b. Se pou legliz la priye pou li

Li enpòtan pou nou sonje gen kèk konsèy ki mande yon ti investisman finansye pou nou kapab rive fè mesye yo vin jwenn Kris, e poutan sa enpòtan anpil si nou vle akonpli objektif sa a.

Kèk nan sijesyon yo ta dwe aplike selon kontèks kote legliz lokal la ye a, si se riral, majinal, si se nan bouk oswa lòt zòn. Metòd yo ak estrateji yo dwe gen pou wè ak kontèks la.



## **Sijesyon Sou Tèm Yo**



## **Kijan Nou Kapab Krewe Responsablite Nan Fanmi?**

- Òganize kanpay pou mesye yo kote tèm nan ki va nan kòmansman ka devlope konplètman.
- Aprann priyorite yo dapre referans Bib la sou gason kretyen. (Bondye, maryaj, timoun yo, legliz, elatriye)
- Etabli prensip sou paran ak disiplin pou elve timoun yo. Prepare dinamik sou tèm lan. (Eg. Konferans tab wonn, travay an gwoup, envite sikològ ki kretyen, medsen, edikatè, sosyològ yo, pastè yo, elatriye.)
- Retounen sou angajman nan selebrasyon an sou koze “lotèl Fanmi”.
  - ❖ Lapriye (resitasyon vèsè bibliik sou fanmi).
  - ❖ Lekti bibliik (òganize divès kalite lekti)
  - ❖ Edikasyon (prepare leson yo sou chak bezwen manm yo nan fanmi an).
- Etidye Bib ak eksklizyon lòt liv ki pale sou tèm lan “Edikasyon pou Timoun yo” sonje sa apòt Pòl te di “Pwouve tout bagay sa yo, kenbe sa ki bon.” (Eg. soti nan tèks: "Disiplin ak renmen"- edike ak limit Baudilio Mtz Ed. Alfa Omega / "dis erè ki pi komen nan edukasyon yon timoun" Dr. Carlos Garcia Ed).
- Òganize kan pou paran yo ak timoun yo. Envite sèlman papa yo ak pitit fi yo ak gason yo. (nou pa envite madanm yo / sèlman papa yo ak pitit yo.
- Antreprann pwojè fanmi espirityèl ak yon rezilta ki kout, ki pa twò long, pwojè ki baze sou kontèks nan chak kay fanmi.

## **Montre Yo Rezon Ki Fè Yo Dwe Idantifye Yo Ak Doktrin Sentete Ki Nan Bib La.**

- Ajoute nan etid bibliik Legliz ou a, Zòn oswa Distri sou "Doktrin Wèsleyèn lan".
- Pa kontinye sou dinamik gwoup la, fèl yon fason endividyèl nan analize lekti sou tèks Wèsleyèn Doktrin lan. Men Bibliyografi a: "Wèsleyèn nan XXI syèk la" (David L.Mckenna) "Pouvwa envizib" ak "Ki jan yo viv nan sentete" (Everett Leadingham) "ak imaj li" (Dr John, Knight), elatriye.
- Chèche eksperyans nan kanpay sou sentete nan gwoup ou a, disip yo, ak nan kominyon entim ak Bondye.
- Chèche konnen gen yon lide jeneral sou doktrin bibliik la ki gen pou wè ak doktrin Wèsleyèn nan.
- Chèche konnen sa ki gen pou wè ak doktrin sa, gen anpil ki vle idantifye yo ak doktrin sa; chita dyaloge sou eksperyans pèsonèl yo ak espirityèl sou fwa, onètete ak senserite.
- Pwogram kèk dat nan afich la, travay, antoloji, bilten, sou rasin legliz Nazareyen (apre distribye travay pou tout gason pou fè rechèch epi apre sa a, kòmante nan yon gran reyinyon ki ta bon pou rele l "Gason Nazareyen yo").

Sonje pastè w la ka ede w konprann doktrin nan ki apa pou Bondye a sou koze sentete a.

## **Chèche Genyen Yon Bon Konesans Ki Klè Nan Enplikasyon Yo Sou La Vi Nan Kominote A.**

- Revize sijè tankou: Maryaj, Sosyete, Etik, Legliz ak dekouvri objektif la nan yo chak.
- Òganize reyinyon nan kay atravè kèk soupe, sèvi ak dat enpòtan pou gason.
- Fè yon diferans nan ede youn ak lòt; ou ka itilize ministè konpasyon, angaje yo nan kominikasyon ak kèk tèm epi pataje yo.
- Bay kèk non liv, mizik kretyen ak tout bagay ki gen inite ak mwayen pou yon moun viv nan kominote a.
- Kòmanse pratike lavi kominote a nan kay la, sonje ke mari oswa madanm ou ak timoun yo bezwen sa anvan lòt moun.
- Idantifye konsèp tankou idantite, diyite, egalite, aplike yo tankou yon priyorite sou lavi nan kominote a.
- Pou reflechi sou pawòl sa a: KOMINOTE.

## **Konprann Ke Gason An Se Premye Responsab Pou Enstitisyon An Nan Maryaj Ak Lavi Fizik La.**

- Òganize konferans sou pwoblèm sivil (envite pou yo anseye sou eg. Sikolòji kretyen, terapi kretyen elatriye ...)
- Byen chita pale sou rezon ki fè yon maryaj kenbe fèm, ak rezon ki fè yon maryaj paka rete kenbe, louvri kòmantè nan enterè jeneral sou lavi moun ki marye.
- Elaji sou sa ak enterè sou bezwen nan pase tan ak fanmi ak bay kèk lide.
- Egzamine liv ki pale sou benediksyon an pou levasyon timoun kretyen ki koumanse epi ki rive nan jouk jounen Jodi a.
- Chita pale sou manje ak nitrisyon pou kò nou, mete aksan sou kijan pou n kenbe kò a.
- Chita pale sou vis yo ki nan anviwònman nou an ak mete aksan sou pwogram yo ak tout atak sou kò nou.
- Bay swen medikal sou kò nou ak kijan sa gen pou wè ak Bondye.

## **Toujou rete branche Sentespri Bondye ak ansèyman li yo.**

Nou pa fè okenn referans ak sa ki ekri. Sa a se yon espas pou nou di li enpòtan pou ministè gason yo genyen onksyon Sentespri a.

### **ANRICHI REYINYON OU YO**

#### **A) Sou jerans kò a.**

**Tabak:** fimen tabak se youn nan pi gran pwoblèm pou sante ki pi danjere nan Amerik Latin nan, touye plis moun pase kokayin, ewoyin ak sida, ansasen ak atak teworis.

- **Toksik.** - Devlope selil kansè yo. Kèk ane pase yo te montre se te yon pwazon ki te anpeche pwodiksyon an nan yon sibstans ak kansè nan san. Nan ane 2002 yo te fè yon ankèt yo te jwenn 12,000 manman ak ti bebe te jwenn ke papa ki fimen yo te gen mwens ke 20% chans gen timoun ak pwoblèm sa. Yo te dekouvri ke fimen lakòz domaj nan kwomozòm yo.
- **Fimen anpil.** - Presyon nan kè, lakòz domaj nan misk nan kè. Ak tout sa yo itilize pou reyalize sigarèt la lakòz gwo domaj nan kò a.
- **Lafimen sigarèt.** - Pi vit afekte moun ki gen alèji paske li ogmante iritasyon nan aparèy respiratwa a. Lè ou fimen, filaman yo ak mobilizasyon larim nan Bronch ak nan poumon vin paralize. Si ou gen anpil tan w ap fimen, filaman sa yo ka rann initil pou tout tan, lafimen sigarèt gen apeprè 4 000 pwodui chimik. Imajine pou wè!

#### **Dwòg ak Depresyon:**

Dènye etid ki sot fè a montre ke dwòg gen rapò ak epizòd nou sot pale anwo yo depresyon oswa enkyetid. Chèchè yo te sijere nan kèk ka ki ka anpeche itilizasyon dwòg pou n ka batay ak depresyon. Plis pase de tyè (2/3) moun ki touye tèt yo se moun ki genyen pi piti pase 35 kan, ki gen pwoblèm dwòg.

#### **Alkòl ak byè:**

Diminye nivo seretonin nan sèvo a, ki kapab lakòz konpòtman vyolan lakay moun nan. Nou kwè serotonin lan jwe yon wòl enpòtan nan kontwòl agresif moun nan; montre vyolans gen nivo ki ba nan sibstans. Pi fò nan moun sa yo tou kon bwè alkòl.

\* Alkòl pote revèsib nan fwa, ren, domaj, nan sèvo, (ak byè "menm kan nou panse ke sa nou bwè a piti").

Kò moun nan enpòtan pou de rezon: konsepsyon bèl bagay li yo ak objektif moun kite te kreyel la. Bondye enterese nan sante nan kò nou (3 Jn.v. 2). Li bay nou yon òganis ki gen yon kokenn chenn detèminasyon, kapasite pou adapte ak rejenere. Li se yon machin konplèks ki ka defann pwòp tèt li kont maladi ak ensiste nòmal nan lavi yo. Men, sa mande pou pran swen l. Itilize tabak, dwòg ak alkòl detwi tout sa kò a genyen ladanl poul viv. Kò nou ki te kreye ak yon objektif espiyèl: pou vini tanp Sentespri a. "Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp sentespri k ap viv nan kè nou, Sentespri Bondye te ban nou an nou pa mèt tèt nou ankò. Bondye achte nou kach, lip eye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè louwanj Bondye" (1.ko. 6:19-20). Espesyalite Bondye se ban nou libète sou tout peche. Li ka libere nou de tout abitud ak lesklavaj a tout moun ki mandel sa ak tout kè yo, epi tou li padone peche yo.

#### **B) SOU PARAN KI PA LA YO.**

Gen yon teyat ki rele lakay epi gen fonksyon chak jou: pèsonaj yo se 3: papa, manman ak pitit. Pafwa gen komedyen, anpil fwa konn reprezante yon trajedi ki vrè. Moun ajè ak yon wòl pi delika se manman m. Konsa, papa m anpil fwa disparèt. Enpòtans ki genyen lè papa a ale pral genyen konsekans li aprè, jouk nan moman pitit gason an koumanse grandi.

Pafwa papa ki kite lakay li poul al travay san yo pa rann kont ki kisa sa pral fè nan lavi timoun yo.

Responsablite nan timoun yo soti nan tou de (2) paran yo. Non, pa genyen yon rezon pou yo separe. Yo ta dwe toujou chèche direksyon ak konsèy Bondye pou ede yo rete ansanm nan renmen nan mitan pwoblèm ak sikonstans nan lavi a.

## **Kòm toujou, papa pa janm la**

### **Lekti pou reflechi**

“Pou ou kapab vin yon paran se yon bagay fasil, lè yon moun byen mantalman, ou kwè nan ou, adapte w nan anviwònman w ye a, nan travay epi lakay ou. Si ou pa konn sa yo li konn difisil pou ou.”

Moun ki pi souvan mal nan wòl li se papa a, se aktè ki pou yon santèn rezon kite sèn nan.

Papa yo kapab manke nan kay la pou rezon lejitim yo genyen. Pwoblèm lanmò ak absans envolontè li yo kòz maladi grav, a koz gwo pwoblèm ekonomik. Lè w manke tèt ak otorite nan kay la, menm lè w eseye ba li tout bagay ak sansibilite fanm ki pèdi mari yo a.

Li kapab tou se yon pwoblèm ki rive gen anpil travay ki pran tanl, menm lè sa papa yo pa dwe kite responsablite yo genyen nan fanmi an paske se premye devwa yo nan fanmi an.

Travay la pa gen okenn sans si li pa genyen rapò ak kay la. Ni lajan Ou genyen pa ka bay bon jan fòmasyon pou elve timoun yo. Travay la se toujou bon eskiz pou papa. Remèt tout responsablite li yo kòm edikatè bay manman yo.

Yon lòt rezon ki koz absans papa yo se sa nou rele nimewo "dezyèm" devan an ak "Triyang renmen : yon ti fanm deyò." Nan ka sa a, li gen anpil chans pou timoun yo rayi wè papa yo.

Sa gen pi plis chans rive, lè se manman yo ki responsab bay manje lè konpòtman afekte ant papa ak pitit yo, epi mete tèt li kòm si sa l fè a bon.

Pa gen moun ki dakò ak yo se yo menm ki chèche sa. Men, sa ki pi trajik la nou pa ka rayi yon papa san l pa peye yon pri, nan pi fò okazyon moun ki plis peye konsekans lan se timoun yo.

Sa gen bon konprann, lè manman an ankouraje pou timoun yo renmen ak bay papa yo lanmou, pou konnen rezon ki koz papa yo pa la nan kay la se pou tèt yon koz ki vrè; pou pa montre lè papa yo pa la pou yo pa rayi l.

Menm jan yon sèl ka jistifye atitud nan kèk papa ki pa janm manke jwèt foutbòl la, ak nan klèb la, yo se manm ki pi cho, nan biznis la rezoud tout bagay avèl siksè, ak jan yo fè nan lari, ede nenpòt zanmi, pase nan kay la ...., Yo pa janm jwenn oswa montre edikasyon timoun yo, epi fè fas ak pwoblèm nan kay la.

Papa sa a, lojikman, li se enkonpreyansib pou timoun yo. Sa pa vle di papa a se yon moun ki enjis, vakabon, parese; se tou senpleman ajì tankou yon etranje. Pou lòt moun se pa vre, men pou ti moun yo kay la tounen yon otèl ki ale pa pou grangou ak dòmi; ke youn ki al pase yon bon tan, paske se pa pou tou tan.

Mwen gen krentif pou sa, sou liy sa yo, pase je manman an sèlman. Paske, menm jan li rive, papa ale nan travay....

**J. A. Peñalosa.**

**Apre ou fin li sa a mande mesye yo.**

1. Nan ki pozisyon mwen ye nan relasyon mwen daprè lekti sa a?
2. Ki sa Bib la di nou sou sa?
3. Ki responsablite mwen genyen kòm yon papa ?
4. Konbyen pri sa koute?

## Sou "Paran Adolesan Yo"

### Faktè ki enfluyans jèn yo:

Gen anpil faktè ki fè enpak sou jèn yo ke Bib la pale sou sa. Se poutèt sa, jèn yo souffri: tout esperyans yo nan moman yo te timoun disparèt nan yon sèl jou ak nan yon lòt la. Epitou, yo pa menm konnen kiyès yo ye vre, yo pèdi idantite yo: Yo vin twò gran pou rete ak piti yo, epi twò piti pou rete ak gran yo.

### Chanjman nan jèn:

- Fizik
- Emosyonèl
- Anviwònman
- Òmonal
- Espirityèl
- Entèlektyèl

### Faktè jèn moun yo jwenn deyò lakay yo ak Legliz

\* Zanmi \* mòd \* mak pwodwi \* Mizik \* Espò \* Lekòl \* Travay \* Lari \* vis \* Suisid \* pònografi \* Materyalis  
\* Pawòl pèvès \* mechanste ak manti \* vòl \* Enjistis \* Pesimis \* fo relijyon \* Sèks ilegal \* bagay sou pwogram ilegal danjere ki nan tele ak radyo\*

### Adolesan yo nan men:

A) Paran B) Edikatè C) Pastè

### La a gen de pasaj nan Bib la yo dwe sonje:

Filipyen 2:15 2 Timote 3:1-5

### Adolesan an ap chèche:

Afeksyon, dyalòg, komunikasyon, pwoteksyon, limit. Sonje pandan adolesans yo se moman yo pran desizyon ki pi enpòtan nan lavi yo. Li sanble yon kontradiksyon, men se konsa sa ye nan sosyete jounen jodia.

Ant 15 ak 18 yon jèn dwe konnen sal dwe fè ak Kris, ki karyè li dwe chwazi, deja gen yon lide sou moun ki pral patnè li a, ak anpil lòt bagay ankò.

Jèn yo se zafè pa Bondye yo ye, anpil fwa yo souffri anba pyèj satan ranje pou yo, de tout fason se pou n reziste ak tout zam Bondye yo poul ka akonpli plan l yo nan lavi nou. "volè, touye ak detwi " Nou dwe fè zak nou yo ak sa nou ta vle fè yo, depi jounen sa poun jwi "lavi ak lavi pou toutan gentan an " ak wa tout wa yo, Chèf tout chèf yo. (Jan 10:10)

### Men kèk liv nou rekòmande:

- "Super konekte" / Michel Ross ak Jeff Edmonton / CNP.
- "Kòman dirije kè pitit ou yo" / Tedd Tripp / Ed Schepers Press.
- "Si sèlman nou te di" Tony ak Bart Campol. / Ed lavi.
- "Pitit mwen, Pitit mwen" / Bernard Palmer / Ed. Lavi yo.
- Edike jenn yo / James Dobson / Ed Unilit.


## Plis sou paran adolesan yo

**Panse-** “Paran ki fè pitit yo ri lè yo te gen kouchèt, montre yo lè yo te kòmanse fè premye pa pou yo pa tonbe pou premye fwa lè yo t ap aprann monte bekàn; paran sa yo ki jwe epi chita pale ak pitit yo lè yo vin jèn”.

Ou genyen ti adolesan lakay ou? Ou konnen yo? Ou konprann yo? Ou santiw genyen bon relasyon ak yo?

❖ "Ti adolesan ou yo" ap adapte yo ak:

- A) Nouvo chema kò yo
- B) Ogmantasyon òmonal yo
- C) Nan montre idantite yo, ak kat zòn nou montre nan dyagram sa:



❖ Paran yo ak tout kriz la nan kò fizik ak sikolojik yo ap chanje nan 40 an.

**Gen yon enkonpreyansyo jenerasyonèl** (ki soti nan papa ak jèn nan - nan moman kritik ak sikolojik). Nou fè yon kaparezon ant yo de a.

**Timoun yo:** Kriz nan adolesans, defi pou gen otorite ak dezi pou gen otonomi.

**Papa:** Kriz andropoz, atitid otorite ak atitid pou pwoteksyon.

## Konsèy pou Gason an (Papa adolesan an)

- **Dialoge.** Chita tande yo, Konprann yo, konseye yo. Kòmanse depi nan moman timoun nan bebe - (akolad, bo ak karès) - ak kominikasyon ak dyalòg pa sèlman nan mo, li nan kontak ak jwe ak yo.
- **Fòmasyon.** Objektif prensipal nou se gide pitit nou yo renmen Bondye depi tou piti. Evite zak sa "Eli" (1.Sam: 2). Edike se anseye yo pawòl Bondye a nan mete yon tan apa pou fè sa, se men nan men ak disiplin (ki gen lanmou ak determinasyon)- Pr. 29:15 - .
- **Priye.** Ou priye chak jou pou pitit ou yo? Ou priye ak yo? Ou bezwen santi antoure ak sipò nou nan lapriyè, ak sa, se yon bon pratik **“lotèl nan Fanmi”**.



## Sou "Lotèl Nan Fanmi An"

1. **Deside pou w fè l -** . Yon vye resèt granmoun pou preparasyon bouyon lapen kòmanse "Premye lachas Lapen." Premye etap la nan etabli devosyon nan fanmi an. Ou deja deside "Kouraj"? Kounya, tanpri enfòmè fanmi an (li difisil, men tou kominike desizyon espirityèl sa ak moun ki konnen feblès nou). Ou ka menm ekri yon kalite akò oswa kontra kote tout moun siyen.
2. **Chwazi yon Tan (Kronos) tout moun dakò -** . Ekspè ki konnen byen sou zafè tan di nou jeneralman nap jwenn tan pou fè sa ou reyèlman vle fè. Etidye orè moun yo nan chak manm nan fanmi an, apre sa fè yon plan.
3. **Chwazi yon Kote (espas nan kay la).** Dènyèman gen yon sondaj ki fèt nan elèv ki nan kou inivèsite nan vil Chicago, plizyè nan yo di konsa prensip moral ak relijye sa yo rele " konvèzasyon Fanmi an nan reyini bò tab la nan moman soupe a. " Sanble sa yo di nan moman y ap manje yo gen plis enfluyans sou timoun yo pase nenpòt lòt moman nan lavi fanmi an, men pa santi w koupab poutèt si fanmi ou pa ka reyini nan moman sa. Lòt moman ak lòt lè se menm bagay la. Konsidere prensip sa yo:  
A) Chwazi yon kote ki bon pou fanmi an.  
B) Chwazi yon kote ou ka gade Bib ou ak lòt materyèl ki nesèsè yo. (Sa a pral evite w chache l nan moman gen "lotèl Fanmi").  
C) Chwazi yon kote ki pap distrè nou fasil.
4. **Sonje ou se prèt fanmi an.** Mwen vle di, ou gen privilèj pou ou devlope plan lotèl Fanmi an, w ap jwe wòl direktè lotèl la, pwogram nan ak tout lòt detay nan ansèyman Bib la.
5. **Aprann prensip yo pou fè kilt nan Fanmi an.**  
A) Li Bib la pou ka rakonte yon istwa Biblik.  
B) Sèvi ak materyèl devosyonèl (gid).  
C) Aprann pasaj biblik yo.  
D) Chante kantik.  
E) Priye ansanm: **Lapriye Kout.** - Sitou si gen timoun. **Priye senp.** - Bondye konnen tout bagay (Itilize mo ki familye). **Lapriye onèt.** - Bondye ak fanmi w konnen defo yo. **Priye espesifik.** - egzanp " Mèt, yon moun te vòlè bekàn Alberto a jodi a, ede nou padonnen moun ki te fè sa."
6. **Pèmèt lotèl fanmi an kapab bon**  
Ki Jan? Nan twa fason.
  1. Ki gen yon atmosfè de liberasyon.
  2. Ki fèt nan yon atmosfè de benediksyon (Li ta bon si tout moun mete yon kote enkyetid yo, dezi yo, pou tan sa. Se tan pou sèvi Bondye, plen ak lanmou ak kè kontan nan fanmi an.
  3. Aktivite a ka yon benediksyon. Pa egzanp: li Bib la ak anpil jès, dram oswa dekouvri istwa biblik. Mande timoun yo ranpli fraz oswa desine yon foto sou istwa ki te prezante a.

**Lòt konsèy.-** Prepare yon lis rekèt priye pou lè moman priye a, sèvi ak èd vizyèl kòm pannkat ki endike non ak kote n ap priye pou yo a, pou yo ka rete, mete bi priye yo espesyalman yon kote pou yo wè epi kote y ap pase.

## **7. Ou dwe asire w ke yo toujou pèsevere.**

Pratike devosyon nan fanmi mande anpil detèminasyon. Si ou remake ke kilt nan fanmi w jwe wòl yon aktivite segondè, se pou w konvenki ke li gen anpil enpòtans, epi fanmi an kapab kontajye ak atitid li. Si ou wè adore Bondye nan fanmi ou kòm yon opòtinite pou prepare yo pou defi chak jou, lè sa a, li pral tounen yon aktivite byen agreyab.

Si pou kèk rezon ou pa kapab kreye tan pou adore nan fanmi ou, chèche yon ti tan pouw chita epi pale ak yo sou sa ki gen pou wè ak lafwa ou nan Bondye menm si se ta enfòmèl. Sa ka rive se nan moman n ap vwayaje nan yon machin, oswa lè nou chita bò tab la ap manje, pa kite onkenn opòtinite pase, ou genyen pou pale epi pataje avèk pitit ou yo koze lafwa ou.

## Sou “Kijan Nou Ka Jere Lavi Devosyonèl”

### Li pa enteresan pou chache konnen?

(Pa Dick Marcear)

Li enteresan pou nou wè ki jan nou ta pran yon gwo kantite lajan tankou 50 goud pou bay nan ofrann, men li parèt piti anpil wi lè nou depanse l nan magazen pa vre?

Li enteresan pou nou wè kijan se anba goumen nou li 2 oswa 3 chapit nan Bib la pa jou, men gad kijan sa li fasil pou li jounal pa vre?

Li enteresan pou nou wè kijan li fasil pou nou chita ap dyaloge ak yon Zanmi sou zafè politik oswa lòt bagay, men li difisil anpil wi pou yo nou chita pale ak yon Zanmi sou lafwa nou nan Kris la pa vre?

Li enteresan pou nou wè kijan l difisil pou nou travay pou yon aktivite espesyal nan legliz la, men li fasil anpil wi pou nou travay pou yon Fonksyon sosyal nan kominote kote n ap viv la pa vre?

Li enteresan pou nou wè kijan li fasil pou nou Anseye pitit nou yo kòm jwè bezbòl oswa foutbòl, men sa difisil anpil wi pou nou montre yo priye, grandi esprityèlman, oswa obeyi pawòl Bondye a pa vre?

Li enteresan pou nou wè kijan li fasil pou nou tchat ak Zanmi sou entènèt oswa pale nan telefòn pandan plizyè èd tan, men li difisil anpil wi pou nou jwenn de ti mo de priye pou nou di Bondye apre 2 minit ap pale ak Bondye pa vre.

Tout bagay sa yo vle di anpil de kisa nou ye, men ann fè yon ti panse: Èske bagay sa yo fè Bondye plèzi?

Jezi di konsa: **"Men, chèche an premye wayòm Bondye a ak jistis li ..."** Matye 6:33



## KONKLIZYON

Pou rive akonpli objektif ministè a, direktè a ak ekip li a dwe kòmanse yon pwosesis ki se envesti yon tan byen espesyal pou travay la nan legliz la tankou deyò legliz la. Nou espere imedyatman ou koumanse chèche gason ki aje yo, mennen yo nan pye Kris la epi Eseye ede yo pou yo pèsevere nan lafwa pandan w ap itilize kèk nan konsèy nou sot bay yo.

Pote ministè a nan mitan mesye yo se yon ijans, li reprezante yon defi pou moun sa yo nou vle wè k ap akonpli ak tout kè yo, nan ranpli fonksyon Bondye te krete yo pou sa, epi yo va kontan anpil tou lè yo rann yo kont Seyè a te fè yo byen espesyal.

**John Wesley** te di nan yon okazyon: “Ban m ' 100 gason ki renmen Bondye, epi ki rayi peche, epi nou pral fè pòt lanfè tranble.” Nou dwe rann nou kont ke Bondye vle sèvi ak nou pou nou bay èd nou nan preparasyon gran sèvitè yo ki pral transfòme jenerasyon nazareyen ki gen pou vini yo pou glwa Bondye.